ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№144 (23.052) • 2015 гъэм бадзэуэгъуэм (июлым) и 28, гъубж • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КІуэкІуэ Юрий: ЕхъулІэныгъэ пыухыкІахэр щыІэми, экстремизмэм и шынагъуэр иджыри нэсу гъэкІуэда хъуакъым

КъБР-м и Іэтащхьэр къыщыпсэлъащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и деж щылажьэ советым и зэІущІэм

ЗэІущІэм щытепсэльыхьащ щІалэгъуалэ политикэр ди щІыналъэм щыпхыгъэкІыным, щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ егъэджэным, гъэсэным, лэжьыгъэм тегъэгушхуэным, экстремизмэм и Іэужьыхэм ящыхъумэным. Ар къыщызэІуихым **Меликов Сергей** жиІащ мы Іэхуэм тепсэльыхьыныр Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ» зэхуэсыщхъэм и лэжьыгъэм зэрыщІдзэм зэрыгарэхьэлІар. Абы и мызакъуэу, щІалэгъуалэм тэмэму ядэлэжьэнр Кавказ Ищхъэрэм хуэгъэзэ къэрал политикэр пхыгъэкІыным и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ.

Абы и лъэныкъуэкІэ полномочнэ лІыкІуэм щапхъэ къихьащ щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІыным иІэ мыхьэнэм и инагъыр властым нэгъэсауэ къыззримыльытэм щыхьэт техьэу щапхъэ зыбжанэ. Псалъэм папщІэ, ди гъунэгъу Украинэм и щІалэгъуалэу идеологие пхэнжымкІэ зи щхьэр якудахэр уэрамым къызэрыдыхьам къыщыщІидзэри, а зэныкъуэкъуэ зы илъэсым кърубыдэу цІыху минхэр зэрахъуэдащ. КъуэкІыпІэ Гъунэгъуэр къапщтэмэ, апхуэдэ дыдэу ягъэжэкъуа щІалэгъуалэрщ «Ислъам къэралыгъуэм» и телъхьэу иджыпсту заузхэм я нэхъыбэр.

«Ди дежкІэ гукъеуэщ абыхэм Кавказ Ищхъэрэм икІахэри зэрахэтыр икІи ар къызрикІуар гъэсэныгъэмрэ идеологиемрэ властым Іэпэдэгъэлэл зэрищІарщ», - къигъэлъэгъащ полномочнэ лІыкІуэм.

Псалъэмакъым къызэрыхэщамкІэ, округым и щІыналъэхэм исхэм щІалэгъуалэу яхэтыр нэрылъагъуу нэхъыбэщ, къэралым и адрей щІыналъэхэм елъытауэ. Апхуэдэ ефІэкІныныгъэр зэкІэ тэмэму къэгъэсэбэпа зэрымыхъур уи жагъуэ мыхъунІэр иІэкъым.

Меликов Сергей къызэхуэсахэм хэхауэ гу лъаригъэтащ: «ЩІалэгъуалэр Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэм къыхэщэнымкІэ дэ едгъэкІуэкІ лэжьыгъэр зэуэ апэкІэ тхуэгъэкІуэтакъым, щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ ящыщу куэдым дальэмыІэсу иджыри къонэ».

Ауэ, а псоми кьадэкІуэу, къэгъэлъэгъапхъэщ округым и щІыналъэхэм иужьрей илъэсхэм кърубыдэу щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІыныныкІэ Іуэхущ Іэнэ лэжьыгъэр зэрыщІарщыр, ащІалэгъуалэм и жьыдэжрагъыр къэІэтыным нэсу щегугъу зэрыхъуар. Абы и щыхьэту къэбгъэльагъуэ хъунущ Хэку зауэшхуэм къыщахьа ТекІуэныгъэр илъэс 70 зэрырикъум ехьэлІа щІалэгъуалэ проектхэу «ЩІыхьым и батальон», «ТекІуэныгъэм и макъэр», апхуэдэу «Сэ сощІэ» зэпеуэр, нэгъуэщІхэри гъэхъэзырыным хуэунэтІауэ щІыналъэхэм яку зэпыщІэныгъэ лъэщ зэрыдэлъар.

«Мы Іуэхухэм ехьэлІауэ къыхэзгъэщхьэхуКІыну сыхуейщ: дэ дыхущІэкъупхъэщ ахэр ауэ сытми къызэрыкІуэу егъэкІуэкІыным къыпыкІыу системэ пыухыкІам хиубыдэу къызэгъэпэщыным. Сыт хуэдэ Іуэхури телъжьын хуейщ стратегие мурад пыухыкІахэм. Ар псом япэу хуэгъэзащ ди деж щекІуэкІ щІалэгъуалэ зэхьэхэ нэхъыщхьэм – «Мэшыкъуэ» зэхуэсыщхъэм. Дэ зэпымыууэ догугъу а зэхьэхэр щІалэгъуалэм илъэс хъурейм кърубыдэу драгъэкІуэкІ лэжьыгъэм и гупсэ щыным», - жиІащ полномочнэ лІыкІуэм.

Меликов Сергей къызэрильытэмкІэ, апхуэдэ бгъэдыхьэкІэр я лъабжьэу щытыпхъэщ «Мэшыкъуэ» зэхьэхэщхъэм щрагъэкІуэкІ конкурсхэм хэтын папщІэ щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ къыхалъхьэ проектхэми. Апхуэдэу зэкІэлъыкІуэу гъэзэщІэн хуейщ щІалэгъуалэр гъуэгу пхэнжым тезыгъэувэ радикальнэ идеологием пэщІэтыныкІэ зэхалъхьэ лэжьыгъэхэр.

Полномочнэ лІыкІуэр къытеуэвыІащ властым и федеральнэ, щІыналъэ ІэнатІэхэр зэкъуэзыгъэувэ нэгъуэщІ зы Іуэхуми - къэрал органхэм я лэжьэкІэр нэхъ зэІухауэ къызэгъэпэщыным, властымрэ жылагъуэмрэ зэрызэдэлажьэм зегъэубгъуным яхуэунэтІа къалэнхэр убзыхуным. А Іуэхур икъукІэ игъуэу зэрыщытым и щапхъэхэр куэд мэхъу. Псалъэм папщІэ, тхьэмахуэгъ апэкІэ Къэрэшей-Шэрджэсым щекІуэкІащ «Архъыз-XXI» жылагъуэ зэхьэхьэшхуэ. Округым и щІыналъэ псоми я лІыкІуэу а зэхьэхьэм хэтахэм яфІэгъэщІэгъуэну щыгъуазэ защІащ «Лириким» дрибийщ» жылагъуэ проектым - хущхъуэу къалъытэ наркотикхэр емыгъэщэным икІи щІалэгъуалэр абыхэм ящыхъумэным теухуам.

«Абы кьикІыр дэ нэгъэсауэ хъыдгурыІуэн хуейщ: ди щІыналъэхэм исхэм ящыщ куэдым ткІийуэ къагъэув хущхъуэхэм ящыгъуу наркотикхэр ирамыгъэщэну, «аптекэ мафиер» кьыжьэдакъуэну. Абы зэхэщІыкІыгъуэу жэуап етын, нэхъыщхьэр арщи, ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм щІыхубэр щыгъуазэ зэпымыууэ щІын хуейщ. Іуэху нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщу сэ къызэлъытэ наркотикхэм ягъэщІэтыныкІэ щІыналъэ комиссэхэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, абыхэм щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэри яхэту, я лІыкІуэхэр нэхъыбэу хэгъэхьэн хуейуэ», - къъхигъэщхьэхуКІащ Меликов Сергей.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэр Урысейм и лІыкІуэу Катар къэралыгъуэм щыІэм хуэзащ

КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм щыхуэзащ Урысей Федерацэм и полномочнэ лІыкІуэу Катар къэралыгъуэм щыІэ Холов Нурмахмад.

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэльыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэм нэгъуэщІ къэрал инвестицэхэр къыхуэзщІэгъэуІуэнымкІэ нэхъ узыщыгугъ хъуну щыІэ хэкІыпІэхэм. НэгъуэщІ къэралхэм щыщ инвесторхэр нэхъ дзэныхьэнкІэ хъуну ІэнатІэхэм ящыщу къыхагъэщхьэхуКІащ турист-рекреацэ комплексым и инфраструктурэм хиубыдэ ухуэныгъэхэмрэ мэкъумэш ІэнатІэмрэ.

«Хьэрычэт лэжьыгъэр тэмэму зэтегъэувэнымкІэ республикэм хэкІыпІэ хъарзынэхэр щыІэщ икІи дэ дыхущІокъу проект зэмылІэужьыгъуэхэр гъэзэщІэным нэгъуэщІ къэралхэм щыщ компаниехэр къыхэушэным. Къэбэрдей-Балъкъэрым ефІэкІныныгъэ зыбжанэ иІэщ икІи абы Катар къэралыгъуэм и бизнесменхэм яхуигъэлъэгъуэфынущ захъшэр фейдэ пылъу къэгъэсэбэпыныкІэ хэкІыпІэ нэхъыфІхэр», - къыхигъэщхьэхуКІащ КІуэкІуэ Юрий.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

ЩІалэгъуалэм ядэлэжьэну министерствэщІэ къызэрагъэпэщ

КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий дыгъуасэ иригъэкІуэкІащ республикэм и Правительствэм и лэжьакІуэхэмрэ муниципальнэ щІыналъэхэм я Іэтащхьэхэмрэ зыхэта зэІущІэ.

КъБР-м и унафэщІым къызэхуэсахэр щыгъуазэ ищІащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэм и деж щылажьэ советым и зэІущІэ зэрекІуэкІам икІи абы щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІынымрэ экстремизмэм и идеологием пэщІэтыныкІэ лэжьыпхъэхэм зэрыщыхэплъам.

А Іуэхум мы зэманым мыхьэнэ хэха зэриІэм и гугъу щищІым, КІуэкІуэ Ю. А. къыхигъэщхьэхуКІащ радикализмэм земыгъэубгъуным хуэгъэза лэжьыгъэхэр нэхъ жьыдэжру егъэкІуэкІын зэрыхуейр. Іуэху пыухыкІахэр зэкІэлъыкІуэу зэрызэфІагъэкІын и фІыщІэкІэ, терроризмэм и шынагъуэр нэрылъагъуу къагъэтІэсхъащ. 2010 гъэм апхуэдэ щІэпхъаджагъэу республикэм 145-рэ щалэжьауэ щытамэ, 2014 гъэм ар 10-м нэсу ягъэмэщІэн яхуэзэфІэкІащ. Дызэрыт илъэсым щыщу блэкІа зэманым апхуэдэ зы щІэпхъаджагъэ щыІауэ аращ.

Апхуэдэу щыт пэтми, жиІащ КІуэкІуэ Юрий, дыкъыхэмыщтыкІыжу дыщысынымкІэ иджыри дынэсакъым. Абы щыхьэт тохъуэ 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м Налшык къыщыхъуа Іуэхуэхэр. Абы щыгъуэ хабзэм и хъумакІуэхэм къызэпаудащ республикэм щІэпхъаджагъэхэр щызылэжьыну зызыгъэхьэзыр террористхэм я мурадхэр.

«Экстремизмэм, абы и теплъэ нэхъ шынагъуэ дыдэм - терроризмэм япэщІэтыныр властым и ІэнатІэ псори зэгугъун хуей Іуэхущ», - жиІащ КъБР-м и Іэтащхьэм.

Мы Іуэхум ещІэлеяуэ мыхьэнэшхуэ зэриІэр къалъытэри, унафэ хъащтащ щІалэгъуалэм хабзэнщагъэкІэр ямылажьэныныр ахэр мыхъумыщІагъэхэм ящыхъумэнымкІэ къэрал политикэр пхыгъэкІыныр зи пщэ дэлъ министерствэщІэ къызэрагъэпэщыну. Абы зэблигъэкІынущ республикэм и къэрал властым и органхэм, муниципальнэ органхэм а Іуэхум ехьэлІауэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр.

Республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и Іуэху нэхъыщхьэхэм щытепсэльыхьым, КъБР-м и Іэтащхьэм къигъэлъэгъуащ промышленностми мэкъумэш хозяйствэми ехьэлІэныгъэ пыухыкІахэр зэраІэр. Дызыхэзгъэ зэманым къэув кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщу КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщхьэхуКІащ хьэрычэт Іэнатіэ мыиным къэрал дэІэпыкъуныгъэ етынымкІэ программэр адэкІи гъэзэщІэныр, 2016 гъэм и республикэ бюджетыр зэхэгъэувэныр, налог къэзыт Іэнатіэхэм я бжыгъэм хэгъэхъуэныр, республикэм бгъэдэлъ ямыгъэІэрпхъуэ мыпкъыр щІэпщытыкІыныр зэфІэгъэкІыныр (2015 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм фІэмыкІыу).

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

«Мэшыкъуэ-2015» зэхьэхьэм КъБР-м и махуэ щокІуэкІ

Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэм я «Мэшыкъуэ-2015» зэхьэхьэшхуэм бадзэуэгъуэм и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэ щрагъэкІуэкІащ. Мэз лъапэм къыщрагъэуэвэкІат адыгэ, балъкъэр, урыс лъапсэхэр. Абы къекІуэлІа хьащІэхэм щыгъуазэ защІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэмрэ тхыдэмрэ, лъэпкъ ІэщІагъэхэмрэ шхыныгъуэхэмрэ.

РЕСПУБЛИКЭМ и махуэм хэтащ спортсмен цІэрыІуэ, къэрал лэжьакІуэ Карелин Александр. Абы къыхихгъащхьэхуКІащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр спортым, бэнэкІэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ дуней псом цІэрыІуэ щыхъуэ, езым и ныбжьэгъуу къиулъытэ спортсменхэм я щыналъэу зэрыщытыр. Карелиным жиІащ ди республикэм и гъэщІэгъуэнагъыр шхыныгъуэхэм я куэдагъ иКІи Іэфіагъ кьудеймкІэ къызэрыбгурыІуэр.

«Нобэ сэ щІалэгъуалэм яжесІэнущ щхьэж и теплъэрэ и хьэлрэ иІэжми, дызэкъуэувэмэ, нэхъ лъэщ дызэрыхъур», - къыпищащ абы и псалъэм.

Зэхуэсым а махуэм щыІащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ министр Емуз Нинэрэ КъБР-м щэнхабзэмкІэ и министр Къумахуэ Мухьэдинрэ. Республикэм и лЫкІуэхэм я хэщІапІэр къыззэпаплъыхьа, щІалэгъуалэм я псэуКІэм щыгъуазэ защІа нэужь, ахэр къызэхуэсахэм зы сыхьэтым нэблагъэкІэ епсэльащ икІи къызэреупщІахэм жэуапхэр иратыжащ.

ЩІалэгъуалэм я упщІэхэр нэхъыбэу зытеухуар грантхэр зэратырт, КъБР-м къыщызэрагъэпэщыну конкурсхэм хэтынухэр къызэрыхахырт, щІалэгъуалэм ящыщу республикэм куэд щІиІэпхъуКІыи и щхьэусыгъуэхэрт, кьуажэ школхэм щеджэхэм экзамен зэгуэтхэм зыхуагъэхьэзырынымкІэ яІэ Іэмалхэрт, творческэ союзхэр щІалэгъуалэм зэрадэлажьэрт.

«Ди щІалэгъуалэр зыгъэпІейтей Іуэхухэр зыхуэдэм щыгъуазэ зэрызытщІам къыщымынэу, дэ иджы къыдгурыІуащ республикэм щыІэ гугъуехьэр дэгъэкІынымкІэ абыхэм къыхалъхьэ Іуэхухэри», - жиІащ зэІущІэм и кІэухым Емуз Нинэ. Ар щІалэгъуалэм ехъуэхъуащ я проектхэр ехьэлІэнымкІэ пхагъэкІыну икІи грантхэр хъахьыну.

Зэ1ущІэм и кІэухым зэхьэхьэм и утыку нэхъыщхьэм гуфІэгъуэ концерт щагъэлъэгъуащ.

КъБР-м Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ Іапі э.

Мэкъумэшхэкіыу сом меларди 10-м нэблагъэ и уасэ

Дызэрыт илъэсым и япэ мазихым республикэм и социально-экономикэ щытыкІэм теухуауэ Къэрал статистикэмкІэ КъБР-м и щІыналъэ органым кьита хьыбарым къызэрыщыгъэлъэгъуамкІэ, мэкъумэш продукцэ къезыхьэлІэ псоми (мэкъумэш организацэхэм, мэкъумэшыщІэ (фермер) хозяйствэхэм, унагъуэхэм) 2015 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм продукцэу сом меларди 9,7-рэ и уасэ кърахьэлІащ. Нэгъабэ и апхуэдэ зэманым елъытауэ ар проценти 7-кІэ нэхъыбэщ.

Бадзэуэгъуэм и 1-м ирихьэлІэу нэхъыбэ хъуащ: мэлхэмрэ бжэнхэмрэ процентыр 5,7-кІэ (мин 399,7-рэ), былымыр проценти 3,4-кІэ (мин 274,6-рэ).

Лыуэ процент 12,8-кІэ (тонн мин 46,8-рэ), гъэшу проценти 3,2-кІэ (тонн мин 205,8-рэ) нэхъыбэ кьалэжьащ, джэдыкІэу проценти 3,1-кІэ нэхъыбэ (мелуан 90,5-рэ) кьрахащ.

Тхьилъ зыщІхэм я зэхуэс

Хъыбарегъащ Іэхэр

Кавказ Ищхъэрэмрэ Урысей Ипщэмрэ я щІыналъэхэм тхьилъ къыщыдэзыгъэкІхэм я зэІущІэ нобэрэ пщэдейрэ Налшык щекІуэкІынущ.

ІЭЩІАГЪЭПІИ 100-м нэблагъэ зыхэтыну зэІущІэхэм щытепсэльыхьынущ тхьилъ къыдэгъэкІыным, щэным пыщІа Іуэхугъуэхэм. Тхьилъ щапІэхэм я унафэщІхэм епсэльнущ, щІэуэ къыдгъэкІахэр ягъэльэгъуэнущ, абыхэм ящыщ гуэрхэр Аруан щыналъэм и библиотекэ нэхъыщхьэм ирагъэшэнщ.

Конференцым кърихьэлІэнущ Урысейм Тхьилъ къыщыдэзыгъэкІхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэр, къэралым Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и Іуэхущ Іапі эм, тхьилъ тедзапІэ нэхъыщхьэхэм я лІыкІуэхэр, нэгъуэщІхэри.

Зэ1ущІэм хэтыну гупыж зыщІхэр псори идогъэблагъэ. Бадзэуэгъуэм и 30 - 31-хэм мы Іуэхугъуэм щыпащэнущ Грознэ къалэм.

Мы зэхьэхьэр къызэрегъэпэщ Урысейм Тхьилъ къыщыдэзыгъэкІхэм я зэгухьэныгъэм, къэралым Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и Іуэхущ Іапі эр, КъБР-м Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетыр, КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэр, «Эльбрус» тхьилъ тедзапІэр, «Къэббалъкъэтхьилъ» ООО-р, Котляровэ Мариерэ Викторрэ я тхьилъ тедзапІэр, КъБР-м тхьилъ фІыуэ зыльагъуэхэм я зэгухьэныгъэр и дзэпыкъуэгъуэ.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъу.

Апэ школыр къызэІуах

Нобэ, бадзэуэгъуэм и 28-м, сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 30-м, Налшык Циолковскэм и цІэр зезыхьэ узрамым тет 7-нэ унэр зи хэщІапІэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бизнес инкубатор» ГКУ-м республикэм и хъэрычэтыщІэрэ щІэзыдзагъащІэу 130-м щІигъу щрагъэжэну «КъБР-м и социальнэ Іэнатіэм и инновацэ центр» зи щхьэ хущытыж мыкомерцэ организацэм социальнэ хъэрычэт Іуэху зехьэкІэмкІэ и япэ школыр гуфІэгъуэ щытыкІэм иту къыщыщІэуахынущ.

Абы хэтынущ КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмкІэ и министр Рахаев Борис, «КъБР-м и ЦИСС» АНО-м и кІэлъыплъакІуэ советымрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хъэрычэтыщІэ Іуэхур щыдзэныІыгъ организацэхэмрэ ящыщщэр.

Телефонхэр: 8 (8662) 96-85-02, 96-60-93.

ЕхъулІэныгъэ пыухыкІахэр щыІэми, экстремизмэм и шынагъуэр иджыри нэсу гъэкІуэда хъуакъым

(КІэухыр. Пэщ1эдзэр 1-нэ нап.).

Зэрыщыту къапщтэмэ, полномочнэ лІыкІуэм къыззрилъытэмкІэ, щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІыным и лъэныкъуэкІэ щыІэ лъэпощхьэпохэр гъэкІуэдыныкмкІэ зыхуеину хэкІыпІэ псори щыІэщ: властым абы и лъэныкъуэкІэ тегушхуэныгъэ хэлъщ, абы и органхэм я унафэщІэкэр лэжьыгъэхэр зэкІэлъыкІуэу зэрыраГъэкІуэкІым хуэзыэщырщ, федеральнэ центрми апхуэдэу Іуэхур къадИыГъынущ икІи къадигъэпсынщІэнущ, щІалэгъуалэм я нэхъыбапІэри зыхущІэкъур аращ.

«Апхуэдэу щыщыткІэ, дэ Іуэхур ялэкІэ тхуэгъэкІуэтэнущ икІи Кавказ Ищхьэрэм и щІалэхэмрэ хъыджэбзхэмрэ Урысейм и цІыху нэс, зэфІэкІрэ жэуапльныгъэрэ зыхэлъ хъун папщІэ зыхуэфащэ Іэмал псори къызэдгъэпэщынфынущ», - и псальэр щиухым жиІащ Меликов Сергей. Урысей Федерацэм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и къудзэ Ведерников Михаил и докладым къыщигъэлъэгъуащ къэралым и щІалэгъуалэ политикэр зэрагъэзащІэм мы зэманым Іэшхуфхэр къызэрыкІуэр. Абы и щыхьэтщ: зи ныбжьыр илъэс 30-м щІимыгъуэхэм ящыщу хьэрычэт Іэнатіэм пэрыувэжм я бжыгъэм зэрыхэхъуэр, лэжьакІэм зэрыуэ бжыгъэхэм я пкъ иткІэ Іэнатіэ зимыІэ щІалэгъуалэр нэхъ мащІэ зэрыхъур (2013 гъэм лэжьапІэншэхэм ящыщу щІалэгъуалэр проценти 3,7-рэ хъуэу щытамэ, 2014 гъэм а бжыгъэр проценти 2,99-м нэс къэуащ).

Абыхэм я къадэкІуэу, жиІащ доклад зыщІам, экономикэр зэрызэІыхьам къыхэкІыу еджапІэ нэхъыщхьэхэм - округым и щІыналъэм щыІэхэми абы и щыбкІэ щыІэхэми - щІэтІысхьэхэм я бжыгъэм зэрыкІэрыхуэр. Апхуэдэ зэкІэлъымыкІуагъэм властым и органхэм я жэрдэмымрэ жыджэрагъыимрэ къыззраІэтыным хущІэкъуэн хуейщ, къыхихигъэщхьэхукІащ Ведерников Михаил.

Уэныгъэзавэ Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ ІэщэкІэ зэщІэуэзда щІэпхъаджащІэ гупхэм щІалэгъуалэр зэрыхашэр икІи апхуэдэ къэмыхъуп папщІэ экстремистхэм я идеологиер пхымыгъэкІыным нэхъ тКІийуэ пэщІэуваупхъэщ. Мыбы и лъэныкъуэкІэ полномочнэ лІыкІуэм и къуэдзэм къыхилъхьащ профилактикэ Іуэхуу иджыпсту зэлэжьхэм сэбэпныгъэуі къахьыр зыхуэдизыр терроризм пэщІэтынымкІэ щыналъэ комиссэхэм къапщытэну, абы къыдэкІуэу щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм къызэщІагъэуІуэу радикальнэ идеологием пэщІэтынымкІэ мы зэманым нэхъ къезэгъ Іэмалхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ яубзыхуну.

ЗэкІэлъыкІуэу зэлэжьыпхъэхэм ящыщу доклад зыщІам кІыльытащ щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІыным трагъэкІуэдэн папщІэ зыхуейм хуэдиз ахъшэ зэрыухъумыхыр къызэнэкІынкІ. Стратегие и лъэныкъуэкІэ мы Іуэхур къэрал властым и щІыналъэ органхэм я пІдзэ ирагъэщІапхъэхэм ящыщщ.

Апхуэдэ бгъэдэхьэкІэр тэмэму пхагъэкІын папщІэ, полномочнэ лІыкІуэм и къуэдзэм къызэрилъытэмкІэ, щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІыным зи пщэ илъ органхэр социальнэ Іэнатіэм ІэеІыхауэ къэрал кІуэцІ политикэм пыщІа Іуэхуэхмкіэ жэуап зыльы унафэщІхэм етыжьын хуейщ.

Властым и щІыналъэ органхэм зэрадэлажьэр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ Урысей щІалэгъуалэм къыхалъхьа жэрдэмхэм ятеуухуа доклад зэІуІэм щищІащ а ведомствэм и унафэщІ Поселов Сергей.

Урысей Ипщэм, абы щыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым, экстремизмэм и идеологием зыщІыщиубгъуам и щхьэусыгъуэхэмрэ а Іуэхум я къуикІуаехэмрэ щытепсэльыхьым КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщхьэхуКІащ иужьрей илъэс тІощІ хуэдизым Кавказ Ищхьэрэм хамэ идеологиям и щыналъэм щыІэ зэрыхъур (2013 гъэм лэжьапІэншэхэм ящыщу щІалэгъуалэр проценти 3,7-рэ хъуэу щытамэ, 2014 гъэм а бжыгъэр проценти 2,99-м нэс къэуащ).

Абыхэм къадэкІуэу, жиІащ доклад зыщІам, экономикэр зэрызэІыхьам къыхэкІыу еджапІэ нэхъыщхьэхэм - округым и щІыналъэм щыІэхэми абы и щыбкІэ щыІэхэми - щІэтІысхьэхэм я бжыгъэм зэрыкІэрыхуэр. Апхуэдэ зэкІэлъымыкІуагъэм властым и органхэм я жэрдэмымрэ жыджэрагъыимрэ къыззраІэтыным хущІэкъуэн хуейщ, къыхихигъэщхьэхукІащ Ведерников Михаил.

Уэныгъэзавэ Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ ІэщэкІэ зэщІэуэзда щІэпхъаджащІэ гупхэм щІалэгъуалэр зэрыхашэр икІи апхуэдэ къэмыхъуп папщІэ экстремистхэм я идеологиер пхымыгъэкІыным нэхъ тКІийуэ пэщІэуваупхъэщ. Мыбы и лъэныкъуэкІэ полномочнэ лІыкІуэм и къуэдзэм къыхилъхьащ профилактикэ Іуэхуу иджыпсту зэлэжьхэм сэбэпныгъэуі къахьыр зыхуэдизыр терроризм пэщІэтынымкІэ щыналъэ комиссэхэм къапщытэну, абы къыдэкІуэу щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм къызэщІагъэуІуэу радикальнэ идеологием пэщІэтынымкІэ мы зэманым нэхъ къезэгъ Іэмалхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ яубзыхуну.

ЗэкІэлъыкІуэу зэлэжьыпхъэхэм ящыщу доклад зыщІам кІыльытащ щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІыным трагъэкІуэдэн папщІэ зыхуейм хуэдиз ахъшэ зэрыухъумыхыр къызэнэкІынкІ. Стратегие и лъэныкъуэкІэ мы Іуэхур къэрал властым и щІыналъэ органхэм я пІдзэ ирагъэщІапхъэхэм ящыщщ.

Апхуэдэ бгъэдэхьэкІэр тэмэму пхагъэкІын папщІэ, полномочнэ лІыкІуэм и къуэдзэм къызэрилъытэмкІэ, щІалэгъуалэ политикэр пхыгъэкІыным зи пщэ илъ органхэр социальнэ Іэнатіэм ІэеІыхауэ къэрал кІуэцІ политикэм пыщІа Іуэхуэхмкіэ жэуап зыльы унафэщІхэм етыжьын хуейщ.

Властым и щІыналъэ органхэм зэрадэлажьэр егъэфІэкІуэным хуэгъэзауэ Урысей щІалэгъуалэм къыхалъхьа жэрдэмхэм ятеуухуа доклад зэІуІэм щищІащ а ведомствэм и унафэщІ Поселов Сергей.

Урысей Ипщэм, абы щыщу Къэбэрдей-Балъкъэрым, экстремизмэм и идеологием зыщІыщиубгъуам и щхьэусыгъуэхэмрэ а Іуэхум я къуикІуаехэмрэ щытепсэльыхьым КІуэкІуэ Юрий къыхигъэщхьэхуКІащ иужьрей илъэс тІощІ хуэдизым Кавказ Ищхьэрэм хамэ идеологиям и щІыналъэм щыІэ зэрыхъур (2013 гъэм лэжьапІэншэхэм ящыщу щІалэгъуалэр проценти 3,7-рэ хъуэу щытамэ, 2014 гъэм а бжыгъэр проценти 2,99-м нэс къэуащ).

Абыхэм къадэкІуэу, жиІащ доклад зыщІам, экономикэр зэрызэІыхьам къыхэкІыу еджапІэ нэхъыщхьэхэм - округым и щІыналъэм щыІэхэми абы и щыбкІэ щыІэхэми - щІэтІысхьэхэм я бжыгъэм зэрыкІэрыхуэр. Апхуэдэ зэкІэлъымыкІуагъэм властым и органхэм я жэрдэмымрэ жыджэрагъыимрэ къыззраІэтыным хущІэкъуэн хуейщ, къыхихигъэщхьэхукІащ Ведерников Михаил.

Уэныгъэзавэ Іуэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ ІэщэкІэ зэщІэуэзда щІэпхъаджащІэ гупхэм щІалэгъуалэр зэрыхашэр икІи апхуэдэ къэмыхъуп папщІэ экстремистхэм я идеологиер пхымыгъэкІыным нэхъ тКІийуэ пэщІэуваупхъэщ. Мыбы и лъэныкъуэкІэ полномочнэ лІыкІуэм и къуэдзэм къыхилъхьащ профилактикэ Іуэхуу иджыпсту зэлэжьхэм сэбэпныгъэуі къахьыр зыхуэдизыр терроризм пэщІэтынымкІэ щыналъэ комиссэхэм къапщытэну, абы къыдэкІуэу щІалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм къызэщІагъэуІуэу радикальнэ идеологием пэщІэтынымкІэ мы зэманым нэхъ къезэгъ Іэмалхэмрэ хэкІыпІэхэмрэ яубзыхуну.

Зэманыр зэрыгугъур къагъэсэбэпурэ, экстремизмэм и телъхьэхэр хущІэкъурт радикальнэ Іуэхухэм дин-политикэ теплъэ зэрыратыным. Абы и щыхьэт наІуэщ Налшык къалэм 2005 гъэм къыщыхьуахэр.

Иужьрей илъэсипщІым Къэбэрдей-Балъкъэрым гъэугуанэ мытынш, языныкъуэхэм деж шынагъуэшхуэ зыпылъ, къызэпичащ. Террорым пэщІэтынымкІэ Іупхьапкъ комитетыр я пашэу, хабзэхъумэ органхэмрэ орган хэхахэмрэ лэжьыгъэшхуэ ирагъэкІуэкІащ икІи, Къэбэрдей-Балъкъэрри хэту, Урысей Ипщэм щыІэ криминоген щытыкІэр зэрахъуэкІын яхузэфІэкІащ. Терроризмэм пыщІа щІэпхъаджагъэу Къэбэрдей-Балъкъэрым 2010 гъэм 145-рэ щалэжьауэ щытамэ, 2014 гъэм ар 10-м хуэкІуащ, дызэрыт илъэсым апхуэдэ щІэпхъаджагъэу ялэжьар зыщ.

Щхьэрылажьэ бандэхэм я лъэр щІаудащ икІи абы къыхэкІыу апхуэдэ гупхэм я жыджэрагъыр еудыха хъуащ.

Апхуэдэу щыт пэтми, жиІащ КІуэкІуэ Юрий, гупсэхуу дытІысыжу лъэныкъуэкІэ къэдгъэтІэсхъэнкІэ Іэмал иІэкъым. Абы и щыхьэтщ дыгъуасэ Налшык къыщыхьуахэр. Зи гугъу сщІыр республикэм и къэрал властым и органхэм быдэу япыщІауэ, шынагъэншагъэмкІэ федеральнэ, щІыналъэ органхэм, МВД-м, зэрыщыту хабзэхъумэ системэм къызэщІиубыдэ псоми ирагъэкІуэкІа Іуэхурщ. Абы и фІыщІэкІэ япэ зрагъахуэри, щІэпхъаджащІэхэм 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м Налшык щызэхащІыкІыну я мурада террорист Іуэху инхэр къызэпаудащ.

ЗэгурыІуэу икІи ІэкъуэлъакІуэу Іуэхум зэрыбгъэдыхьам и фІыщІэкІэ, федеральнэ Іэнатіэм къыщалъыхьуэ, экстремист зэщІэхъеенныгъэ хэхам пэжкІэ бгъэдэтыну тхьэ зыІуа щІэпхъаджащІэ гупым я Іуэхуэр къызэпаудащ. Абыхэм цІыху ящІэ иІэщІэкІащ, махуи 10 япэкІэ прокуратурэм и лэжьакІуэ яуКІащ.

ЕкъулІэныгъэ пыухыкІахэр щыІэми, экстремизмэм и шынагъуэр иджыри нэсу гъэкІуэда хъуакъым. Республикэм и щІыналъэми абы и щІыбкІи бзаджащІэ гупхэм ящыщу псэууэ къэнахэм, абыхэм жыджэру ядэІепыкъуэхэм зыщагъэпщкІу. НэгъуэщІ къэралхэм щыщ экстремист Іуэхущ1апІэхэм ящыГъуу абыхэм лэжьыгъэ пыухыкІа ирагъэкІуэкІ щІалэгъуалэр къыдэхьэхыным, экстремистхэм я лъэр щыува къэралхэм ахэр гъэкІуэным хуэгъэзауэ.

Мы зэманым экстремизмэм и идеологием зегъэубгъуныкмкІэ щІэгъэкъуэн къащІ Интернетым и Іэмалхэр. НаІуэ къэхъуащ нэсу зэгупсыса Іэмалхэр къэдмыгъэсэбэпмэ, апхуэдэ зэщІэтынымгъэм дыззрыщІытемыкІуэнур. Абы къыхэкІыу нэхъ япэкІэ къыззрагъэпэщащэ щыта хъыбарегъащІэ-аналитикэ Іэнатіэхэм я зэфІэкІкІэ къэІэтыным хуэгъэзэ зи чэзу Іуэхуэр лэжьын хуейщ.

Нобэ республикэм щрагъэкІуэкІ профилактикэ лэжьыгъэшхуэхэм я лъабжьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэпкъхэм лІэщІыгъуэкІэрэ къадекІуэкІ зэхущытыкІэхэмрэ хабзэхэмрэ. А лэжьыгъэм хиубыдэу хэхауэ зэгугъуэм ящыщщ гъэсэныгъэм и лъэныкъуэкІэ унагъуэм, школым, Іэщ1агъэ щрагъэгъуэт еджапІэ зэмыІпэужьыгъуэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм яІэ мыхьэнэр къЭІэтыныр.

Экстремизмэм и Іэужьхэр къэмыгъэхъуным хуэунэтІа профилактикэ лэжьыгъэр зэрекІуэкІым ущыхэпІэкІэ нэрылъагъу къыпщІохьу хуэбырегъащІэ-идеологие лъэныкъуэм нэхъри зегъэубгъун зэрыхуейр. Ауэ абы папщІэ дэ диІэн хуейщ щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ лэжьакІуэхэр, абыхэм дин лэжьакІуэхэри яхэту, ауэ ахэр иджыпстукІэ хъыдомэщІкІ. «Ди щыналъэм и мызакъуэу, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий, - апхуэдэ гугъуехьхэм адрей щІыналъэхэри хэту си гугъащ».

КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ «мыхьэнэшхуэ зиІэ икІи хэсэкъыу зыбгъэдыхьэпхъэ» а Іэнатіэм папщІэ Іэщ1агъэлІэхэр гъэхьэзырыныкмкІэ зыхуэфащэ программэхэм зэхъуэкІыныгъэ пыухыкІахэр хэлъхьэн хуейр къызэрилъытэр.

А махуэ дыдэм КІуэкІуэ Юрий хэтащ «Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхыхьэшхуэр къызэрызэІуахым теуухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэкІэ абы хэтщ щІалэгъуалэ зэщІэхъеенныгъэхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лы-кІуэу 125-рэ.

Республикэм и лыкІуэхэм щІалэщІам КъБР-м и Іэтащхьэм жэуап иритащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, щІэблэр наркотикхэм демыгъэхьэхыным, спортым зыщІэгъэкъуэным теухуауэ ахэр зыщІэупщІахэм. КІэухыу абы жиІащ: «Республикэм щІалэгъуалэ гъуэзэджэ иІэщ. Апхуэдэу щыщыткІэ, дэ димыІэ щІэхькым. Шэч къытесхьэркъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, зэрыщыту Урысей иным папщІи фэ куэд зэрызэфІэвгъэкІынум».

«Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхыхьэшхуэр къыщызэІуахым щІыху минхэр къырихьэлІащ. Ар щІалэгъуэмрэ творческэ зэфІэкІымрэ я махуэшхуэу уващ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Дызытес къудамэр пыдупщІыну?

● ЩІыуэпс

КЪБР-м ЩІыуэпсым и хъуГъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министерствэм иджыблагъэ иригъэкІуэкІа зэІуІэм щытепсэльыхьащ щыпІэр къабзэу щыгъэтыным теухуауэ гъэ дызэрытым и яп1э мазмхым ди республикэм щызэфІагъэкІахэм.

- ЖЫЛАГЪУЭХЭМ кьегъэщІылІа Іэхэлъахэхэр гъэкъэбзэнымрэ абыхэм жыгыщІэхэр щыгъэтІысынымрэ ятеухуауэ гъатхэм едгъэкІуэкІа щІыхьэхуэхм щІыху мин 30-м щІигъу хэтащ. Абыхэм я фІыгъэкІэ псычъхъуэхэм, гъуэгубгъуэхэм къабзафэ къатеуаеми, къыхэзгъащІпхъэщ щІыуэпсым дызэрыхущытын хуейм зегъэзхъужьным хуэгъэзауэ ар ятеухуа лъэбакъуэу зэрыщытыр, - къыхигъащІащ и пэублэ псальэм министр Газаев Мухьтар. - Илъэс зытІущкІэ дызэплъэкІыжмэ, ди республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я Іэхэлъахэм щызэтриХьэ кІэрыхубжьэрыхуэм и куэдагъэм дыкъагъэуІэбжьу щытащ. Гу зылъыттэну дызыхуэмейжьи ди къудамэм щІыщІэ дзэ щыкІуэ ящІыщІ, дзэ щыкІуэ ящІыщІ, щэнымкІэ къэралым щынэхъ ин дыдэ агропромышленнэ комплексыр. Абы езым цІыху 400-м нэблагъэ щылэжьэнущ, комплексым пыщІауэ аргуэру цІыху 300-м я лэжьыгъэхэр дэкІынущ.

Илъэс куэд щІауэ яхунэмыгъэс ухуэныгъэу республикэм щыІэм и унафэри ящІащ, ар къыззрагъэсэбэпыну щыкІэр зэрахъуэкІри. Дызэрыт илъэсым и кІуэхым мыбы сабий творчествэмкІэ республикэ унэ къыщызІуахынущ икІи абы хиубыдэу лэжьэнущ сабий зэчиифІэхэм я лицей, цІыкІухэм щІэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт центрхэр, зи школ кІуэгъуэ мыхъуахэм я зэфІэкІым зегъэужьыным щелэжь школхэр, щІэныгъэ зэмыІпэужьыгъуэхэмкІэ кружокхэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм зи ныбжьыр илъэси 3-м щегъэжьауэ илъэс 18-м нэс сабийуэ мини 5-м нэблагъэ къызэщІуабыдэнущ.

Республикэм щыІэ жылагъуэ-политикэ щытыкІэр зэтегъэувэжьнымрэ зэпІэззрыт щІыжьныкъэ хуэгъэзауэ ирагъэкІуэкІ программэхэм хиубыдэу гупЪыгъэ хэха хуащІпхъэкъ, диІ зэхущытыкІэхэр гъэбыдэным. Абы хузгъэзауэ ирагъэкІуэкІ политикэм и тегъэщІапІэщ КъБР-м щыпсэу лъэпкъхэм я тхыдэ, щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр, я къекІуэкІыкІар, щыпсэу щыналъэр зэгуэхьІпІэ имыІэу зэрызэпыщІар, ди лъэпкъхэр игъащІэ лъандэрэ мамырыгъэмрэ зэгурыІуэныгъэмрэ я телъхьэу къызэрыгъэгурыкІуэр.

Экстремизмэм и Іэужьхэр къэмыгъэхъуным хуэунэтІа профилактикэ лэжьыгъэр зэрекІуэкІым ущыхэпІэкІэ нэрылъагъу къыпщІохьу хуэбырегъащІэ-идеологие лъэныкъуэм нэхъри зегъэубгъун зэрыхуейр. Ауэ абы папщІэ дэ диІэн хуейщ щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ лэжьакІуэхэр, абыхэм дин лэжьакІуэхэри яхэту, ауэ ахэр иджыпстукІэ хъыдомэщІкІ. «Ди щыналъэм и мызакъуэу, - жиІащ КІуэкІуэ Юрий, - апхуэдэ гугъуехьхэм адрей щІыналъэхэри хэту си гугъащ».

КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ «мыхьэнэшхуэ зиІэ икІи хэсэкъыу зыбгъэдыхьэпхъэ» а Іэнатіэм папщІэ Іэщ1агъэлІэхэр гъэхьэзырыныкмкІэ зыхуэфащэ программэхэм зэхъуэкІыныгъэ пыухыкІахэр хэлъхьэн хуейр къызэрилъытэр.

А махуэ дыдэм КІуэкІуэ Юрий хэтащ «Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхыхьэшхуэр къызэрызэІуахым теуухуа гуфІэгъуэ дауэдапщэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІэкІэ абы хэтщ щІалэгъуалэ зэщІэхъеенныгъэхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ я лы-кІуэу 125-рэ.

Республикэм и лыкІуэхэм щІалэщІам КъБР-м и Іэтащхьэм жэуап иритащ республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, щІэблэр наркотикхэм демыгъэхьэхыным, спортым зыщІэгъэкъуэным теухуауэ ахэр зыщІэупщІахэм. КІэухыу абы жиІащ: «Республикэм щІалэгъуалэ гъуэзэджэ иІэщ. Апхуэдэу щыщыткІэ, дэ димыІэ щІэхькым. Шэч къытесхьэркъым Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, зэрыщыту Урысей иным папщІи фэ куэд зэрызэфІэвгъэкІынум».

«Мэшыкъуэ» щІалэгъуалэ зэхыхьэшхуэр къыщызэІуахым щІыху минхэр къырихьэлІащ. Ар щІалэгъуэмрэ творческэ зэфІэкІымрэ я махуэшхуэу уващ.

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Къэралыр щылъэщыр

«Политикэ Іэмалхэм я закъуэкІэ Сириер къикІыфынукъым зэрыхуа щытыкІэ гугъуэм. къыхэкІыфынукъым граждан зауэ екІуэкІым», - жиІащ а къэралым и президент Асад Башар, щІалэгъуалэзэгугъэныгъэхэм я лІыкІуэхэм Дамаск щащыІущІам.

Асад жиІащ КъухьапІэ къэралхэм дзыхь зэрахуиныщІыр, абыхэм я Іуэху еплъыкІэхэр щІэх-щІэхыуэ зэрахъуэжьым къыхэкІыу. Ар хуэдэу къэрал унафэщІым къыхэкІэщащ щІалэгъуалэм дзэм къулыкъу щащІэн зэрамыдэми гугъуехь куэд къызэрыдэкІуэр.

«Дзэм ди къэралым и шынагъуэншагъэр къызэригъэпэщыфынут, ауэ абы къулыкъу щызыщІэнухэм дрикъуркъым. Дзэ лъэщ уиныІуэ къэрал лъэщи ухъунукъым», - къыхигъащІащ абы.

♦Гъуэжь узым ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦1586 гъэм Европэм кІэртІофыр къашащ. Ар Колумбием къришри Инджылызым къишат Хэрриот Томас.

♦1697 гъэм Камчаткэ хыпІыгунькъуэр къызэІуахащ.

♦1858 гъэм криминалистикэм яп1э дыдэу къыщащгъэсэбэпащ Іэпапіэхэр.

♦1914 гъэм Япэ дунейпсо зауэм щІидзащ. Абы хэта къэралхэм я бжыгъэкІи къызэщІиубыда щІыналъэкІи дунейм щекІуэкІа зауэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къальытэ ар. ЦІыху мелуанипщІым щІигъу хэкІуэдауэ, мелуан 22-рэ уІэгъэ щыхъуауэ щытащ абы.

♦1944 гъэм Брест быдапІэр фашист зэрыпхъуакІуэм и къуэдзэм щІидзащ. Абы хэта къэралхэм я бжыгъэкІи къызэщІиубыда щІыналъэкІи дунейм щекІуэкІа зауэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къальытэ ар. ЦІыху мелуанипщІым щІигъу хэкІуэдауэ, мелуан 22-рэ уІэгъэ щыхъуауэ щытащ абы.

♦1944 гъэм Брест быдапІэр фашист зэрыпхъуакІуэм и къуэдзэм щІидзащ. Абы хэта къэралхэм я бжыгъэкІи къызэщІиубыда щІыналъэкІи дунейм щекІуэкІа зауэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къальытэ ар. ЦІыху мелуанипщІым щІигъу хэкІуэдауэ, мелуан 22-рэ уІэгъэ щыхъуауэ щытащ абы.

♦1957 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблыр студентхэмрэ щІалэгъуалэмрэ Москва щрагъэкІуэкІа фестивалым и лауреат хъуащ.

♦1958 гъэм Москва къыщызэІухащ Маяковский Владимир и фэеплъ.

♦1984 гъэм США-м щыщ Лос-Анджелес къалэм къыщызэІухащ XXIII гъэмахуэ Олимп джэгуэр. Абы хэтащ Совет Союзымрэ абы и дэІуэгъу къэралхэмрэ я спортсменхэр.

♦Франджы драматург **Дюма Александр** (куэр) къызэрилъхьуэр илъэси 191-рэ ирокъу.

♦Сирием щыщ жылагъуэ лэжьакІуэ, Сорбоннэ дэт университет щІэрыІуэр къэзыуа, «Шэрджэсхэм я тхыдэр», «Шэрджэсхэм пащтыхьхэм я бийуэ ирагъэкІуэкІа зауэхэр» лэжьыгъэхэр зытха **Сэмгуръ Іэмин** къызэралъхуэрэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, актёр, сценарист, УФ-м и цІыхубэ артист **Басов Владимир** къызэралъхуэрэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Макаровэ Иннэ** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Венесуэлэм и президенту щыта **Чавес Уго** къызэралъхуэрэ илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр жыхуэм градус 21 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Дунейм и щІыпІэ

Зи чэзу зэІущІэм

Хабзэ зэрыхъуауэ, УФ-м и Президент Путин Владимир Къэрал Думэм хыхьэ политикэ партхэм я унафэщІхэм яІущІэ.

Абыхэм къэралми дунейми къыщежьэкІэхэм, езы фракцэхэм я Іуэху зыльытым щытопсэльыхь. Дыгъуасэ Путинрэ Іущ1ащ ЛДПР-м и пашэ Жириновский Владимир.

Политикэ, социальнэ Іэхуэхэм къадэкІуэу щІыху куэд дыдэ мы зэманым зыгъэгуэзавэ зэпэщІэтынныгъэхэм, абыхэм зэразыщыпхъуэмэфыну Іэмалхэм. Апхуэдэу фракцэм и унафэщІым къыхилъхьащ къэралым къыхуагъэувэ мардэ тКІийкэм яп1эльащІым теухуауэ я партым къыбгъэдэкІ жэрдэм зыбжанэ.

УФ-м и Президентым и пресс-секретарь Песков Дмитрий зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ зэІущІэхэр къэралым и унафэщІым мы тхьэмахуэми къыкІэлъыкІуэми ирегъэкІуэкІыну и мурадщ.

Къэралыр щылъэщыр

«Политикэ Іэмалхэм я закъуэкІэ Сириер къикІыфынукъым зэрыхуа щытыкІэ гугъуэм. къыхэкІыфынукъым граждан зауэ екІуэкІым», - жиІащ а къэралым и президент Асад Башар, щІалэгъуалэзэгугъэныгъэхэм я лІыкІуэхэм Дамаск щащыІущІам.

Асад жиІащ КъухьапІэ къэралхэм дзыхь зэрахуиныщІыр, абыхэм я Іуэху еплъыкІэхэр щІэх-щІэхыуэ зэрахъуэжьым къыхэкІыу. Ар хуэдэу къэрал унафэщІым къыхэкІэщащ щІалэгъуалэм дзэм къулыкъу щащІэн зэрамыдэми гугъуехь куэд къызэрыдэкІуэр.

«Дзэм ди къэралым и шынагъуэншагъэр къызэригъэпэщыфынут, ауэ абы къулыкъу щызыщІэнухэм дрикъуркъым. Дзэ лъэщ уиныІуэ къэрал лъэщи ухъунукъым», - къыхигъащІащ абы.

♦Гъуэжь узым ебэныным и дунейпсо махуэщ

♦1586 гъэм Европэм кІэртІофыр къашащ. Ар Колумбием къришри Инджылызым къишат Хэрриот Томас.

♦1697 гъэм Камчаткэ хыпІыгунькъуэр къызэІуахащ.

♦1858 гъэм криминалистикэм яп1э дыдэу къыщащгъэсэбэпащ Іэпапіэхэр.

♦1914 гъэм Япэ дунейпсо зауэм щІидзащ. Абы хэта къэралхэм я бжыгъэкІи къызэщІиубыда щІыналъэкІи дунейм щекІуэкІа зауэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къальытэ ар. ЦІыху мелуанипщІым щІигъу хэкІуэдауэ, мелуан 22-рэ уІэгъэ щыхъуауэ щытащ абы.

♦1944 гъэм Брест быдапІэр фашист зэрыпхъуакІуэм и къуэдзэм щІидзащ. Абы хэта къэралхэм я бжыгъэкІи къызэщІиубыда щІыналъэкІи дунейм щекІуэкІа зауэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщу къальытэ ар. ЦІыху мелуанипщІым щІигъу хэкІуэдауэ, мелуан 22-рэ уІэгъэ щыхъуауэ щытащ абы.

♦1957 гъэм «Кабардинка» къэрал къэфакІуэ ансамблыр студентхэмрэ щІалэгъуалэмрэ Москва щрагъэкІуэкІа фестивалым и лауреат хъуащ.

♦1958 гъэм Москва къыщызэІухащ Маяковский Владимир и фэеплъ.

♦1984 гъэм США-м щыщ Лос-Анджелес къалэм къыщызэІухащ XXIII гъэмахуэ Олимп джэгуэр. Абы хэтащ Совет Союзымрэ абы и дэІуэгъу къэралхэмрэ я спортсменхэр.

♦Франджы драматург **Дюма Александр** (куэр) къызэрилъхьуэр илъэси 191-рэ ирокъу.

♦Сирием щыщ жылагъуэ лэжьакІуэ, Сорбоннэ дэт университет щІэрыІуэр къэзыуа, «Шэрджэсхэм я тхыдэр», «Шэрджэсхэм пащтыхьхэм я бийуэ ирагъэкІуэкІа зауэхэр» лэжьыгъэхэр зытха **Сэмгуръ Іэмин** къызэралъхуэрэ илъэси 115-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, актёр, сценарист, УФ-м и цІыхубэ артист **Басов Владимир** къызэралъхуэрэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Макаровэ Иннэ** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Венесуэлэм и президенту щыта **Чавес Уго** къызэралъхуэрэ илъэс 61-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытемкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэ щыщытынущ. Хуабэр жыхуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 21 - 22-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Уи ин жиІэнщ, уи цІыкІу иІуэтэжынщ.

ЕЛЕНА ЛЕОНОВАЕВА

РУСТАВЕЛИ Шота, куржы усакIуэ (XII лIащIыгъуэ)

Къаплъэныфэр зи фащэ лIыхъужь

ЗэзыдзэкIар БЕР Хьэбалэщ

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№123, 124, 128, 129, 133, 138, 139-хэм итщ).

Къежьащ ахэр замыIэжьэу, бийм ажалыр хуагъэфащэу.
ЯIыгъщ джатэхэр Iэрыхуэу, Хорезм хэкум щащIа Iэщэу.
Зытес шыхэр алъпыш защIэщ, йоувыкIхэр сатырищэу.
Арэзы сыхъуау сыхоплъэ си дзэ хъушэм, сфIэдахащэу.

КъызоIэтри дзэр пщэдджыжьым, тызоГъэхьэ зауэ гъуэгум.
Хэку дамыгъэ бэракъ фIыщIэр щхьэщохуарзэ я щхьэщыгум.
ФIэкъабылу Тхъэм спэIэщIэ ищIыр щIэтщ щIэмыкIыу нэгум.
«Дауэ якIуну пщIэлъ гъуэгуанэр, умылъагъуу ар?» - къокI си гум.

Сегупсысмэ абы, си гур къызэIохьэ нэхъ Iеижу.
КъыщIедзэж аргуэру нэпсым, уэру си нэм къысфIыщIэжу.
Гуауэм хэлъ лъэщагъым хуэдэ хэлъкъым гуапэм гукъыдэжу.
СыткIэ щхьэпэ гъагъэ роэзр, къыпыч мыхъуамэ, ууейу убжу?

XVI
Тариэлрэ Нестан-Дареджанрэ зэрызэхуэзар

СымыщIэххэу, си деж пщылIыр къыщыщIыхьэм, согъэщIагъуэр.
И тхыгъэ Асмат къэкIауэ къыщIокI. СщIэркъым щIызижагъуэр.
Абы кьетхыр: «Уэ къыппоплъэ дыгъэ нуру зи гуащIэгъуэр.
НэхъыфIщ къакIуи, ущымысу уи гум телъу гуэзвэгъуэр».

Насыпышхуэу къэслъытакъым ар, фIэфI хъуами си губампIэм.
Жэщ мэхъу. Унэм сыкъыщIокIри, сыблокI хадэм и ихьэпIэм.
ЩIытщ Асмати си къызэжьэу, къекIуэлIауэ зэIущIапIэм.
«ЕпIэщIэкIыт! - жеIэ, - къожьэ, имызагъэу мазэр и пIэм!»

ДыщIыхьауэ унэ хуитым, зыдонэкIыр пэш екIу куэд.
ИкIэм, си нэр имыгъапльэу, мазэр нуру къыспольд.
Тесщ, щхъуантIагъэкIэ хуэпауэ, алэрыбгъум тхъоIухуд.
НэкIукIи теплъэкIи зэкIужрэ Iуплъэм и бзэр зыубыд.

Ситщ и пащхьэм, си гукъэуэм зихъуэжауэ мурадыфIкIэ.
Жьы дехужри си губампIэм, зегъэнщIыжьыр дуней нэхукIэ.
ЩхьэнтэщабэМ тесщ зигъафIэу дыгъэм нэхърэ нэхъ нэхур куэдкIэ.
КъысщихъумэмИ и нэкIур, къызоплъ щэхуу ар нэбгъуэхIэ.

ЕщI унафэ: «Амирбарыр гъэтIыс, куэдрэ щумыгъэту!»
Дыгъэ нурым бгъурылъ щхьэнтэм сытотIысхьэр сэри хуиту.
Хузощ фIыщIэ уафэм, фIыгъуэр семысами сэ къызиту.
БжесIэнщ псори къызэкIаХэр, схуэIуэтэжмэ къару згъэуэту.

«СыпIущIати зэ тIэкIу щIыIэу, зыкъыскуэбгъэгуэ сфIощI.
Дыгъэмыхъуэм щыкI къэкIыгъэу пыкIащ уи фэр, уи гур хощI.
Ауэ, бгъажэу гуIэ иэпсыр, пщIэншэу мысэ сэ сумыщI:
СыпщымукIыта фIэкIакIэ, сигу илъакъым зы нэгъуэщI.

Хэт и пщащи цIыхухъу пащхьэм щыукIытэну къигъэщIащ.
Ауэ куэдрэ гурылъ IэфIхэр хэт игъэпщкIуми, ар щыуащ.
Бэлыхь щэхум си нэщIыбкIэ лей зэрихьэу къыщIэкIащ.
ЦIыхуб напэм срипагэу, уи деж Асмат нэзгъэкIащ.

Гум гъэпщкIуауэ илъа щэхухэр зэрытхуэхъурэ нэсэIуасэ,
Уэ сылъытэ сурейпэу: уещIащ си псэкIэ щхьэгъуэсэ.
Араш, пщIэмэ, сщIа унафэр - тхьэ тесIуари хуэощI гъуэсэ.
СепщIыж хъумэ - щIыкъатиблкIэ срежэри срехъу мыеэ.

АтIэ, ежьи, зумыIэжьэу, пхулъэкIынур бийм егъащIэ.
ТекIуэныгъэ уиIэу хэкум къэгъэзэжи, сызыIугъащIэ.
Сщыхъунщ хьэлъэ узмышлъагъуу куэд дэбгъэкIмэ - ар зэгъащIэ!
Къызэт уи гур сакъылэту, сIых сысейри, гъэжьIэщIэ».

«Зезгъэсынщ, - жьизоIэ, - мафIэм, уэ IуэхутхьэбзэпхуэсщIэн папщIэ.
КъысхсэпхъэжкИ псэ щIэрыщIэу, пщIащ си гъащIэр нэхъ щIэращIэ.
Нобэ хуэдэу дыгъэр гуапэу къыстепсауэ сэ сымыщIэ.
Сахыхьэнщи лъапсэрыхьу, Хьэтэетыр сщIынщ лъэпкъ мащIэ.

Къызэптам хуэдизу гуфIэгъуэ зиIэ теткъым щIы хъурейм.
Алыхьталэрщ ар зи фIыщIэр, - иретыф насып зыхуейм.
Уи нэгуитIым къыщIих нурыр и пщэкIэплъщ мы сигу нэщхъейм.
ПIэщIэлъщ си псэр уэ, си гъащIэр, сытетыхукIэ мы дунейм».

Тхьэ зэраIуэ тхылъыр тIыгъыу, ди тхьэлъанэр зэдохьуэж.
Ита псалъэм лъагъунигъэр етIуанэу дыщIегъуж:
«ХамэщI уиту, - жеIэ,- си гум уихурэ, жьыIэм: «СыщIогъуэж!»
Ди тхьэу Тхъэшхуэм ажал фIыщIэр къыскурещI абдей гупыж!»

ДобзэрабзэI, IэфIу ди бзэр, лъагъунигъэм гур къигъэплъу.
Сыщысынт апхуэдэу куэдрэ, щымытам гъуэгуанэ сщIэлъу.
Сотэджыжьыр сежьэжьыну, си нэм нэпсыр къыщIэлъэлъу,
КъысIуоплъэжьыр ар зэ гуапэу, ди зэIущIэм и фэеплъу.

ДауикI, тынштэкъым си дежкIэ налкъут пащхьэр къозбгынэну.
Къэхъужащ нэху дуней кIыфIыр, къоIэр си гур кIыпльэтыну.
Сысейщ псори - дыгъи, мази, уафи, щIылъи - зы къэмынэу.
Къогушхуэжьыр абдеж си гур, жырым къелым пэлъэщыну.

XVII
Тариэл хьэтайхэм я деж зекIуэ кIуэуэ зэхэуэшхуэ зэрекIуэкIам теухуа хъыбар

СощI унафэ: «ВгъэIу накъыпрэр лъэщу, си дзэр зэхуэфпсэ!»
СхуэIуэтэн а псор сэ, ауэ зэуэн защIэу дзэр зэхуос.
Сэри, бийр бэлыхь хэздзэну си лъыр къэплъу, шым сошэс.
Дытемыхуэу гъуэгуу щыIэм, щIэу хыдошI дыздэкIуэм нэс.

ДобэкъукIри Инд щIыгъунэм гъуэгуанэфIи адкIэ докIу.
КъигъэкIуэну си деж лIыкIуэ къыщымыхъу Рамаз емыкIу.
Си гур щабэ ищIыи фIэщIу, псалъэ нэпцIхэр зэрегъэкIу:
«Хуэзгъэдэнкъым хуэзгъэфащэу ди дыгъужьым фи чыцI цIыкIу!»

Хъаным тыгъэ къыскуищIамкIэ хэтащ си нэр къыщапхъуэну.
Ахэм жаIэрт: «ДыволъэIур хьэлэч пщIэншэу дывмыщIыну.
ДощIэж ди пщэм арклъэн зэвыр зэрыфIэлъыр дитхьэлэну.
ДынэкIуэнщ фи деж мамыру, хъугъуэфIыгъуэр ди мелуану.

ТщIащ щыуагъэ - дыщIогъуэжыр, фыкъытщысхьи къытхуэвгъэгъу.
Дэ дыхуейкъым зауэ-банэ, Алыхь фщIэм, къытхуэфщI гущIэгъу.
ЩIылъэм уафэр къытевгъауэу, ди хэку тIэкIур фымыщI уэгъу.
Фэттыщ диIэу хъуар, фыкъакIуэ, ауэ дзэшхуэ зыщIывмыгъу».

СогъэтIысыр си бейгуэлхэр, седэIуэну я чэнджэщым.
«Уэ ущIалэщ, - жаIэ, - лейкъым, укъедаIуэм псалъэ Iущым.
ЩхэурыпхъэщI ахэр, щIыкIэжьу! Гу лъытташ дэ Рамаз зэщэм.
Уахэмыхьэ дзыхь яхуэпщIу! ЖкIэр пэжкъым щIыр зи Iэщэм!»

«АтIэ фежьы! - яжьзоIэ. - Фи гъуэсщ фэ лIыхъужь защIэ.
Нежьэнщ дзэри фи ужь иту, фи хъыбар дыщывмыгъащIэ.
ФIы ягу иIлъмэ - тхьэ евгъаIуэ, джатэ кIифхыу фаIумыщIэ.
Ауэ пщIы яупсу къафщIэм, фи удыныр зыхекгъащIэ».

Дызэхуэсу тщIа унафэр губзыгъагъэу къызобжьыжьр.
Хузотх: «Рамаз, уи жэуапым срителъхьэу нызотхьжьр.
Пэжщ, упсэум нэхъыфIщ мамыру! ФIэфIу хэт дунейм ехьжьр?
СынэкIуэнщ сэ дзэ сщIымыгъуу - тлъагъунщ псалъэр зыгъэпэжьр».

КъыхызошI дзэм, сыхоплъыхьри, цIыху щищ хахуэу, зэуэн защIэу.
СощIри гъуэсу ахэр, сожьэ, сщIэлъ гъуэгуанэм сигъэпIащIэу.
ЯхузощI къэнам унафэ: «Си хъыбар фэ къызэрыфщIэу,
ЗэпывущщIи къуакIи бгыкIи, пэфху си ужьыр фыжьIэщIэу».

Махуищ блокI. Аргуэру хъаным кьигъэкIуащ цIыху, плъэн-дэIуэну.
КъыкIуэщI тыгъэ фIыгъуэр хъушэу, си щхьэм, си цIэм хуэфэщэну.
ЛIыкIуэм жеIэ: «Уи нэкIу фафIэм щIохъуэпс хъаныр зэ Iуплъэну,
Индостан и амирбарым поплъэ гуапэу ар ЩущIэну».

Къетх аргуэру: «Си гум уэркIэ IэфIу илъыр наIуэ сщIыну
Сынышожьар сепIэщIэкIыу, нэхъапIуэу услъагъуну».
Хузотх сэри: «ЗгъэзэщIэнщ сэ, пфIэфIыр слъытэу си къалэну.
Ирехъу гуапэ ди зэIущIэр, IэфIу ди гум кьинэжьыну!»

СыщопсыхыР шым мэз лъапэм, зызгъэпсэхумэ тIэкIу нэхъ къасщтэу.
ЛIыкIуэ гуэр аргуэру къосыр, щIу щхьэщэ, жьэкIэ кIыщтэу.
Зы шы гуарти къыздаху ахэм, я пащтыхьым и гулъытэу.
«Ди пащтыхьым, - жаIэ, - икъукIэ фIэфIщ, уилъагъуэ къуэш пэлъытэу.

СынырокIуэ, - жиIащ хъаным, - сытемыкIыу а зы лъагъуэм,
СыпIущIэнщ, Тхьэм жиIэм, гуапэу пщэдджыжь дыгъэм и
къуэкIыгъуэм».
КъэкIуа лIыкIуэхэр згъэлъапIэу, щIызогъашэ хьэщIэщ дэгъуэм.
Согъэхьэщ, пщIэ яхуэсщIу, сыщымыехьу хъугъуэфIыгъуэм.

ХьэлэлагъыР фэеплъ лъапIэу цIыху гуащIафIэм и гум къонэ,
КъэкIуа лIыкIуэхэр щежьэжым зым иужь зыкъгрегъанэ.
«Сэ фхуэсщIэжьфынкъым,- жеIэ,- къыскуэфщIар фэ! Ар кьыстонэ.
Илъщ, кьинаэ сигу имыхуу, уядэ дыщэу цIыху хъарзынэр.

СыпэщIэхуэщ сысабийуи, а цIыху Iущым сигъэсащ.
Уи нэщIыбкIэ Рамаз-хъаным фIей щилэжьу гу лъыстащ.
Мис ар си гум схутемыхуэу, лIыкIуэ зысщIри, сыкъэкIащ.
Пэжщ мы бжесIэр зы къэмынэу! УэркIэ си гур зэIухащ.

МурадыфIкъым илъыр я гум, жаIэхэр уи фIэщ умыщI.
ЦIыху минищэ щIыгъуэщ хьэзыру, - ар уэ хъаным къыппщебзыщI.
Нэхъыбэжи итщ и ужьым… ФэрыщIагъым зыдумыщI.
Уху эбэлэрыгъэ Iуэхум, къыхэкIынщ е! Хьэзыр зыщI!

КъигуфIыкIыу и нэкIуитIыр хъаныр гуапэу къыфIущIэнщ,
КъыфщытхъУ зищIуэр бзаджащIэм, и мурадым нихусынщ.
Iутъуэр лъагэу игъэущи, дзэм хъыбар иригъэщIэнщ.
Мэхъу мин Iэджэ ахэр. Дауи, фэ фымащIэщ - къыфтекIуэнщ».

Абдеж, Iуэхум зэрезэгъкIэ, хузощI лIыкIуэм ину фIыщIэ.
«ИхуэсщIэжьнщ, сыпсэум, - жьизоIэр, - зыслъэумэжмэ, пфIэфIщ ар, сощIэ.
Иджы пщIыгъуэм яхьыхьэжи кIуэж, - абыхэм иумыгъащIэ.
Уилъынщ си гум уэ лIыр гуапэу сыпсэуэухкIэ - ар зэгъащIэ».

А хъыбарым щыщ зы псалъэ хуэзмыIуатэуэ зы цIыхум,
СощI унафэ: «ХъунщI зэрыхъуу! Сыт утепсэлъыхькIэ щэхум?
КъызолытIэ нэхъ тэмэму дзэ нэхъыщхьэм си цIыху сIуэхум,
ЯзгъэщIэну зэрысфIэфIыр си деж псынщIэу я лъэр хъахум».

Хъыбарзехьэхэм пщэдджыжьым яжьзоIэ псалъэ екIу:
«Сэ, Рамаз, уи деж сынокIуэ, сфIэфIу сиплъэм лIыхъужь нэкIу»…
Сезэша пэт къызмыгъанэу, шэджагъуэфI хъуху си гъуэгу сокIу.
ПлъэIэсынщ уэ ажалыр, ухуейм дэни зыщыгъэпщкIу.

СолъагъУ сыплъэм: аддэ жьыжьэу, гъуэгужь сабэм зиIэтауэ.
КъокIыр си гум: «КъокIуэ хъаныр, бийм къапхъэныр хуиуэздауэ.
Джатэр къисхмэ, ислъхьэжьынкъым сэри, си гур мызэгъауэ».
МэпIейтей зауэлIу сщIыгъур, Iуэху пынагъуэм гу лъатауэ.

ЯжьзоIэ ахэм: «Флъагъуэр бзаджэнаджахэм къыдащIэр?
Ауэ тхэткъым дэ къэрабгъэ - ар фэ фIыуэ хэти фощIэ.
КIуэжьнщ и псэр ахърэт дахэм щIэзытыфым хэкум гъащIэр.
АтIэ, хъэшхэ, Хьэтэетым идодэ нобэ удын защIэр».

СощI унафэ захуэпэну - зэрызохьэ дзэр, хъеяуэ.
ДоувыкIыр сатыр дахэу, хьэзыр зауэм зыхуэтщIауэ.
Гъуэгу дытохьэ зыщIыкIэжьэу, псыдзэ кьелъэу дыздильауэ,
Мис а махуэ дыдэм хъаныр хьзогъащIэ, сигу зэгъауэ.

Бийм гу къэтэзэ сызэрыкIуэм, сщIыгъуэхэр зауэм хуэхъэзыр,
ГукъанэшхуэР ищIу хъаным, къыскуегъакIуэ щIыху аргуэру:
«ЖкIа псалъэм демыщIыжу, дыныпхуэкI зэ мамыру.
Ауэ щIохьэ хуабжьу ди гум зэрыпщIыгъур щIыхур уэру».

Изотыж жэуап: «ФIыуэ дощIэ ткIэлъызефхьэхэр хьилагъэу!
Ауэ щэхуу фщIа мурадыр фхуэмахуэну фэ фи гугъэу
Фыкъежьамэ, Iейу фыщоуэ. - Дублэнщ зауэр дытемыгъэу.
Фи ажалым щIэхъуэпс джатэр къытфIокI сампIэм имызагъэу».

КъыздикIам мэкIуэжыр лIыкIуэр. КъагъэкIуакъым ар щIэрыщIэу.
ЯгъэУ Iугъуэ, хъыбар папщIэу, дзэ тIысыпIэр къыздагъащIэу.
КъыкъуокI дзэр гъэпщкIупIэм уэру, зэбгъурыту, сатыр защIэу.
ФIыщ апхуэдэм уезэуэну, узищIысыр зыкъебгъащIэу.

ЗыщхьэрыстIэгъащ жыр пыIэр, изокъуээ бжыр си Iэгум,
Бийм удын едзыпхъэу жиIэу, сегъэпIащIэ къэплъа си гум.
Изошажьэ дзэр, зызочри, хуарзэу ныпыр итщ ди щыгум.
ЗаущэхуарэмыпIейтейхэу, хъаным и дзэр кьыдэтщ лъэгум.

КъызиплъащI делафэ, дауикI, бийм гъунэгъу сыщыхуэхъуам.
Сыхолъадэ дзэ нэхъыщхьэм, сызэрихьэу лъы къэплъам.
ЗещIыр щIылъэ лъыр къыпыжу, къызэIэну къыскуилъам.
Бжыр мэкъута! Сопхъуэ джатэм! Илъат жану ар зылъам.

Сыхэтщ бийм и курыкупсэм, дждэжьей гуп теуа къашыргъэу.
Зэтоджалэ шури лъэсри, си уэжьысэм и укIыгъэу.
Къажьхь зауэлI гужьеяхэм, сIэщIэкIым абы я гугъэу,
Ауэ тIэкIу фIэкI къызэмылу, сукIащ дзэ гуп си гур загъэу.

КъыстогуплIэ бийр аргуэру, - зауэр нэхъри къызэщIоплъэ.
Сахэтщ сэри, згъабзэу джатэр, бийм кIуэцIыслъхьэу удын хьэлъэр.
Хэти илъщ уанэгум хьэдэу, хэти лъыкIэ егъэнщI щIылъэр.
ЗыспэщIедзэ сызыIуплъэм, кьыщIыхъуау ажал си теплъэр.

Мэхъу пщыхьэщхьэ. Бийм я плъырхэм гужьеяуэ макъ яIэт:
«Абы фIэкIмэ, доунэхъур, фепсынщIэкIи фыкъынкIуэт!
Мес, дольагъур: нэхъ Iеижу гъуэгужь сабэм зыкъеIэт.
Дакъелынкъым хъушэ къакIуэм! Пэлъэщынур абы хэт?»

Бийр зыщыщтэу къакIуэ хъушэр си дзэрауэ къыщIэкIащ.
Жэщи махуи лъэрытету си деж я лъэр къахусащ.
КъуакIи бгыкIи зэранэкIри, и чэзум си деж къэсащ.
Я накъырэхэр ягъаджэу, хъыбар гуапэр загъэщIащ.

ЩIэпхъуэжащ бийр ар щалъагъум, иужь дэри диуващ.
ЛъыгъэжапIэу щыта губгъуэм тедгъэзэжри дихьэжащ.
Си джатэпэм Рамаз ябгэр абдеж шыплIэм къыдихащ.
Гъэр ящIахэр щIым халъафэу, си лIыхъужьхэм зэрапхащ.

Дэ ди ужь ит си зауэлIхэм щIэпхъуэжахэр къаувыхь.
Гъэр ящI занщIэу зыкъэзытыр, зызымытыр лъэкIэ яхь.
Гъэр хъуа гупым замыщIэжу, нэгу щIэкIахэр къафIощI пщIыхь.
Псэуми, ахэр, я щэIу макъым гур хигъэщIу, кьапщэпщыхь.

ЕшыIуати си зауэлIхэр, «Зывгъэпсэху тIэкIу!» - яжьзоIэ.
Сэри, си Iэр хъуащ уIэгъэ, лъыпс кьыпыжым щIыр ирелI.
КъызэхуОс лIыхъужьхэр гуфIэу, къызапэсу гуапэу щыIэр.
КъызохъуэхъУ нэхъ ягъэнахуэу лъагъуныгъэу сэ къыскуаIэр.

Схурикъунт сэ хъуэхъуу жаIэр, щыжаIами си нэщIыбкIэ…
КъызешэкIыр хэти IэплI, сегъэлъапIэ хэти жьэкIэ.
ЩогуфIыкIыр я еджакIуэм нэхъыжьыфIхэр гуIэфI нэпскIэ.
ЯфIэхьэлэмэтщ зауэлIхэм си уэжьысэм иIа уэкIэр.

Къуэды хэкум къыхахыну ахэр хуит сщIыгъау щытащ.
ХъугъуэфIыгъуэр къахьри хъушэу, ежьау хъуам кьагъэзэжащ.
Хуей хъум, джатэр кьрахыну сщIауэ ахэр хуит щытащ.
КъыхэмыкIыу зауэ-банэ, кьада куэди къаубыдащ.

Мыр жьзоIэ Рамаз хъаным: «Уэ ухуейм упсэуну,
ЩIы унафэ, хэку быдапIэу уиIэм я бжэр зэIуахыну!
«Хьэуэ!», - жьпIэм, тхьэ пхузоIуэ, фIы абы уэ щIумыхыну.
КъыщIэщащ уэ уи хьилагъэр! Ухуитщ ар бгъэзэкIуэжьну!»

Кьет абы жэуап, Iужажэу: «Сыхъунщ сыткIи уи жьIэщIэ!
Уи цIыху гуэр къыскуэщIи гъуэсу, пщIэ нэхъ пылъу ар сыгъащIэ.
СщIынщ унафэ, кьэна си дзэм ямышIэну Iуэху мыхъумыщIэ.
ЖыпIэр дэни щыунафэу, ислъхьэнщ псори уи Iэмыщ1э».

ХузощI хъаным бейгуэл гъуэсэ, зауэлI гупи дыщIызгъуащ.
Хьэтэетым и дзэм щхьэщэ сэ къыскуащIу иувыкIащ.
Жьыри щIэри зэтепыхьэу, я быдапIэхэр Iуахащ.
СатекIуати, фIыгъуэу яIэм я нэхъыфIыр сысей хъуащ.

ЗззгъэщIыхумэ сфIэфIу хэкур, Хьэтэетым и щIым сохьэ.
ХъугъуэфIыгъуэр щаIыгъ хабзэм я �IуикIыбзэхэр къыскуахыр.
Нащхьей дыдэ хэуа цIыхубэм яжьзоIэ: «КъэфIэт фи щхьэр!
Фезгъэсынкъым фщIэздзэу мафIэ, - армырами фэ фопыхьэ».

ДыщIэплъащ дэ гъэтIылъыпIэу яIэу хъуам, демызэпыжу.
Тлъэгъуам хуэдэ фIыгъуэ щыIэу зэхэсхакъым яIуэтэжу.
Хэлът дахащэу цIыхубэ фащэ, данэпс екIуи дэщIыгъужу.
Ар зылъагъум, фIэтелъыдджэу кьикIухьынщ, лIэху иIуэтэжу.

КъыскуэщIакъым, сыт сымыщIэм, си щэкI лъэпкъыр, къыздикIар.
ЗзэгъэлъагъУм, фIэтелъыдджэу, жеIэ: «ЦIыхукъым мыр зыщIар!»
ДэщIэрапIэрт фащэ екIуи тхыпхъэщIыпхъэу хэщIыхьар.
ХэкIута къыпфIэщIт, ущеплькIэ, щэкIм и фащэ и къэплъар.

Ар фэеплъ хуэсщIыну нэхум сехъуэпсати, сэ къэсщтащ.
НэхъыфIыуэу фIыгъуэм хъыгъуэ тепщэм тыгъэу хуэсэхащ.
Махъшэу хъушэ, шыд зыбжанэ къахури, ахэр тедгуэпащ.
Си сэлам абыхэм щIыгъуу, си пащтыхьым хуезгъэпащ».

(КъыкIэлъыкIуэнущ).



Сурэтхэр **Кобуладзе Сергей** *ищIащ.*

Биджиев Хьэсэнбий, тренер нэхъыщхьэ

Дроздов Юрий, тренер нэхъыжь

Кращенкэ Сергей, гъуащхьэтетхэм я тренер

Антипов Антон, гъуащхьэтет

Городовой Алексей, гъуащхьэтет

Уэрсей Артём, гъуащхьэтет

Абазэ Астемыр, гъуащхьэхъумэ

Дашаев Аслъэн, гъуащхьэхъумэ

Кузнецов Андрей, гъуащхьэхъумэ

2015 - 2016 гъэхэм «Спартак- Налшыкым» щыджэгунухэр

И номерыр	И цIэ-унэцIэр	Къыщалъхуа зэманыр	И лъагагъыр	И хьэлъагъыр	И къалэныр	Щыджэгуа клубыр
18	Абазэ Астемыр	08.12.1996	179	76	Гъуащхьэхъумэ	-
23	Антипов Антон	20.04.1990	184	80	Гъуащхьэтет	«Машук-КМВ»
21	Ахриев Хьэсэн	03.06.1994	173	70	Гъуащхьэхъумэныкъуэ	«Краснодар-2»
66	Багъэтыр Альберт	14.06.1994	177	73	Гъуащхьэхъумэныкъуэ	«Машук-КМВ»
9	Бажэ Амир	15.10.1988	179	77	Гъуащхьауэ	«Зенит»
8	Балъкъэр Азэмэт	05.02.1987	177	75	Гъуащхьэхъумэныкъуэ	«Витязь»
10	Гугуев Магомед	15.09.1988	183	77	Гъуащхьауэ	«Ангушт»
7	Гъурф Азэмэт	27.02.1994	180	75	Гъуащхьэхъумэныкъуэ	-
4	Дашаев Аслъэн	19.02.1989	183	81	Гъуащхьэхъумэ	«Ангушт»
19	Дзыхьмыщ1 Марат	25.01.1980	175	65	Гъуащхьэхъумэныкъуэ	«Машук-КМВ»
13	Дроздов Никитэ	21.04.1992	170	66	Гъуащхьэхъумэныкъуэ	«Сахалин»
14	Каркаев Алим	28.01.1985	185	77	Гъуащхьэхъумэныкъуэ	«Ангушт»
70	Крамаренкэ Сергей	02.11.1994	170	62	Гъуащхьэхъумэныкъуэ	«МИТОС»
27	Кузнецов Андрей	09.01.1988	177	73	Гъуащхьэхъумэ	«Авангард»
11	Л1уп Ислъам	23.03.1994	188	85	Гъуащхьауэ	-
26	Лелюкаев Алан	13.11.1999	174	67	Гъуащхьэхъумэ	-
95	Мурачёв Олег	22.02.1995	183	83	Гъуащхьэхъумэ	«Торпедо Москва»
88	Мэкъуауэ Залым	24.08.1994	182	75	Гъуащхьэхъумэ	-
17	Мэшыкъуэ Хьэчим	22.02.1995	178	70	Гъуащхьэхъумэныкъуэ	-
6	Семёнов Владислав	04.06.1995	185	75	Гъуащхьэхъумэныкъуэ	«Торпедо Москва»
3	Соблир Астемыр	27.19.1990	180	74	Гъуащхьэхъумэ	-
5	Тебэрды Тимур	31.03.1992	187	77	Гъуащхьэхъумэ	«Машук-КМВ»
1	Уэрсей Артём	20.09.1993	185	78	Гъуащхьэтет	«Ростов»
93	Городовой Алексей	10.08.1993	186	73	Гъуащхьэтет	-

Лелюкаев Алан, гъуащхьэхъумэ

Мэкъуауэ Залым, гъуащхьэхъумэ

Мурачёв Олег, гъуащхьэхъумэ

Тебэрды Тимур, гъуащхьэхъумэ

Гъурф Азэмэт, гъуащхьэхъумэныкъуэ

Дзыхьмыщ1 Марат, гъуащхьэхъумэныкъуэ

Дроздов Никитэ, гъуащхьэхъумэныкъуэ

Каркаев Алим, гъуащхьэхъумэныкъуэ

Крамаренкэ Сергей, гъуащхьэхъумэныкъуэ

Ахриев Хьэсэн, гъуащхьэхъумэныкъуэ

Соблир Астемыр, гъуащхьэхъумэ

Балъкъэр Азэмэт, гъуащхьэхъумэныкъуэ

Багъэтыр Альберт, гъуащхьэхъумэныкъуэ

Л1уп Ислъам, гъуащхьауэ

Гугуев Магомед, гъуащхьауэ

Бажэ Амир, гъуащхьауэ

Мэшыкъуэ Хьэчим, гъуащхьэхъумэныкъуэ

Семёнов Владислав, гъуащхьэхъумэныкъуэ

«Спартак-Налшык» (Налшык) - «Ангушт» (Нэзрэн) - 2:2 (1:2, 2:2, 0:0, пенальтикIэ - 8:7). Налшык. «Спартак» стадион. Бадзэуэгъуэм и 24-м. Урысей Федерацэм и кубок. Финалым и 1/128-нэ Іыхьэ. Щыху 500 еплъащ.

Зэрынэхъыбам и фIыгъэкIэ

Судьяхэр Стрельцов, Егоров (тIури Дон Іус Ростов щыщщ), Правилэ (Краснодар).

«Спартак-Налшык»: Антипов, Кузнецов, Тебэрды, Дашаев, Каркаев, Дзыхьмыщ1 (Мэшыкъуэ), Балъкъэр, Семёнов (Бажэ), Крамаренкэ, Ахриев, Гугуев.

«Ангушт»: Хамхоев, Аушев А., Кыщ, Аушев Хь., Къуэн А., Прус, Цораев, Михайлов, Ахильгов, Бараковъ, Къуэн З.

Топхэр дагъэкIащ: Прус, 11 (0:1). Къуэн А., 18 - пенальтикIэ (0:2). Крамаренкэ, 42 (1:2). Гугуевым, 90 (2:2).

Джэгум къыхахуащ Михайловыр.

УРЫСЕЙ Федерацэм футболымкIэ и кубокыр къэхъыным ипкъ иткIэ 2014 - 2015 гъэхэм екIуэкI зэхьэзэхуэм и финалым и 1/128-нэ Іыхьэм Налшык щызэхуэзат Къабардей-Балъкъэрымрэ Ингушымрэ я командэ нэхъыщхьэхэр. Абыхэм я зэпэщIэтыныгъэр нэхъ хьэлэмэтыж ищIырт дыдейхэм яхэту ингуш щIалищ зэрыджэгумрэ ди щIыхьыр иджыблагъэ зыхъума Къуэн зэкъуэшхэмрэ КIыщ Залымрэ хьэщIэхэм ягуэсэу къыззрагъэзэжамрэ. Гъэщ1эгъуэнт а зэныкъуэкъуныгъэм укIэлъыплъыну.

Джэгум и щIэдзэкIэм кьигъэлъэгъуащ хэгъэрейхэр зэрыхьэлъэ дыдэр. Нэрылъагъут ахэр мы зэлущIэм тэмэму хуэгъэхьэзыра зэрымыхъуар. ХьэщIэхэми абы гу лъатащ икIи къызэмыплъэкIыу ди гъуэм къебгъэрыкIуэ щIадзащ. Дакъикьэ пщыкIуэ дэкIауэ арат «Ангушт»-р апэ щищам. Стадионым кърихьэлIа цIыху мащIэм я гукъыдэжыр нэхъри ехуэхат мыгувэу нэзрэндэсхэм етIуанэ топри ди щIалэхэм къыщыхудагъэкIам - Къуэн Заурбэч метр пщыкIуэым и деж щыту «Спартак-Налшыкым» и гъуэр хигъэщIащ.

ХьэщIэхэр 2:0-у апэ зэрищам хэгъэрейхэр щытыкIэ гугъум иригъэуват. Абыхэм джэгум и екIуэкIкIэм зрагъэхъуэжын хуейт, арщхьэкIэ апхуэдэ къарурэ зэфIэкIрэ якъуэлъэтэкъым. Насып лIэти, судьям закъыщIигъэкъуащ - 29-нэ дакъикьэм нэхъыщхьэхэр. Абыхэм я зэпэщIэтыныгъэр нэхъ хьэлэмэтыжкIэ ищIырт дыдейхэм яхэту ингуш щIалищ зэрыджэгумрэ ди щIыхьыр иджыблагъэ зыхъума Къуэн зэкъуэшхэмрэ КIыщ Залымрэ хьэщIэ-хэм ягуэсэу къыззрагъэзэжамрэ. Гъэщ1эгъуэнт а зэныкъуэкъуныгъэм укIэлъыплъыну.

Джэгум и щIэдзэкIэм кьигъэлъэгъуащ хэгъэрейхэр зэрыхьэлъэ дыдэр. Нэрылъагъут ахэр мы зэлущIэм тэмэму хуэгъэхьэзыра зэрымыхъуар. ХьэщIэхэми абы гу лъатащ икIи къызэмыплъэкIыу ди гъуэм къебгъэрыкIуэ щIадзащ. Дакъикьэ пщыкIуэ дэкIауэ арат «Ангушт»-р апэ щищам. Стадионым кърихьэлIа цIыху мащIэм я гукъыдэжыр нэхъри ехуэхат мыгувэу нэзрэндэсхэм етIуанэ топри ди щIалэхэм къыщыхудагъэкIам - Къуэн Заурбэч метр пщыкIуэым и деж щыту «Спартак-Налшыкым» и гъуэр хигъэщIащ.

ЗэIущIэр зэпагъэуным къэнэжа щIагъуэ имыIэжу, налшыкдэсхэр къыззрыкIэрыхуэр Крамаренкэ игъэмэщIащ. Арати, фIым щыгугъуэу, ди щIалэхэр загъэпсэхуну икIащ.

Джэгум щIидзэжа иужькIэ «Спартак-Налшыкыр» къару лъэщкIэ ебгъэрыкIуэ хъуащ. АбыкIэ сэбэп хъуащ Мэшыкъуэ Хьэчимрэ Бажэ Амиррэ къыззрихьар. АрщхьэкIэ зэманыр кIуэрт, бжыгъэм зихьуэжырт зэкъым. Иужь дыдэ дакъикьэ-ращ къезыгъэла топыр налшыкдэсхэм щыдагъэкIар - дыдейхэм яхэту джэгу ингуш щIалэ Гугуев Магомед Іуэхур 2:2-м нигъэсащ. Абы кьикIырт командхэр иджыри сыхьэт ныкъуэкIэ зэпэщIэтыну: кубокым ехьэлIа зэIущIэхэм текIуар щызэхэкIын хуейт.

Джэгум къыщIагъуа зэманми Іуэхум зригъэхъуэжакъым. ЛъэныкъуитIри нэхъыбэу зыхущIэкъуар топ къызэрыхудамыгъэкIыныр щикIи ар абыхэм къайхъулIащ. Адэкlэ «футбол лотерей»-кIэ зэрдж пенальтым хэт и насып къыщикIыными игъэбелджылынт.

Капитан нэсым зэрихабзэу, Бажэ Амир Іуэхур иублащ. Абы «Спартак-Налшыкыр» апэ иригъэщащ. «Ангушт»-м адэкIэ и еуэгъуэти, ар штангэм техуащ. Метр пщыкIуэым и деж щагъэтIыса топым Гугуевыр бгъэдохьэ. Абы ар дигъэкIмэ, ди щIалэхэр тIуикIэ апэ ищынущ. АрщхьэкIэ Магомед гъуащхьэтетым ебгъэжэкIыфакъым. Кыщ Залым адэкIэ и чэзуэ. ЩалъхуауэщIыпIэм и командэм зэрыхамыгъэтам къыхуихьа губжьыр абы топым кIуэцIилъхьэри, бжыгъэр зэхуэдэ ищIащ. Гъурф Азэмэти нэхъапэм «Ангушт»-м хэтащ. Абы гущIэгъу нэхъ хэлъу къыщIэкIащ икIи топ дигъэкIыну къыхукъуэкIа Іэмалыр кьигъэсэбэпакъым. КъыкIэлъыкIуэу метр пщыкIуэым бгъэдыхьа Дроздовращ (налшыкдэсхэм я тренер нэхъыжьым и къуэщ) ди щIалэхэр аргуэру апэ изыгъэщащ.

Бжыгъэр 6:6 хуху лъэныкъуэхэм я Іэмалхэр къагъэсэбэ-пащ. АпщIондэхукIэ «Спартак-Налшыкым» щыщу къыхэжаныкIащ Дашаевыр, Кузнецовыр, Ахриевыр, Каркаевыр. Тебэрдыр нэхъ къэдзыхащ. ар зэуа топыр штангэм техуащ. Иджы «Ангушт»-м дигъэкIмэ, кьыттекIуащ. Абдежым ди гущIэгъу зэпагъэуным къэнэжа щIагъуэ имыIэжу, налшыкдэсхэр къыззрыкIэрыхуэр Крамаренкэ игъэмэщIащ. Арати, фIым щыгугъуэу, ди щIалэхэр загъэпсэхуну икIащ.

Джэгум щIидзэжа иужькIэ «Спартак-Налшыкыр» къару лъэщкIэ ебгъэрыкIуэ хъуащ. АбыкIэ сэбэп хъуащ Мэшыкъуэ Хьэчимрэ Бажэ Амиррэ къыззрихьар. АрщхьэкIэ зэманыр кIуэрт, бжыгъэм зихьуэжырт зэкъым. Иужь дыдэ дакъикьэ-ращ къезыгъэла топыр налшыкдэсхэм щыдагъэкIар - дыдейхэм яхэту джэгу ингуш щIалэ Гугуев Магомед Іуэхур 2:2-м нигъэсащ. Абы кьикIырт командхэр иджыри сыхьэт ныкъуэкIэ зэпэщIэтыну: кубокым ехьэлIа зэIущIэхэм текIуар щызэхэкIын хуейт.

Джэгум къыщIагъуа зэманми Іуэхум зригъэхъуэжакъым. ЛъэныкъуитIри нэхъыбэу зыхущIэкъуар топ къызэрыхудамыгъэкIыныр щикIи ар абыхэм къайхъулIащ. Адэкlэ «футбол лотерей»-кIэ зэрдж пенальтым хэт и насып къыщикIыными игъэбелджылынт.

Капитан нэсым зэрихабзэу, Бажэ Амир Іуэхур иублащ. Абы «Спартак-Налшыкыр» апэ иригъэщащ. «Ангушт»-м адэкIэ и еуэгъуэти